*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

gcharada@mail.ru

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 13 (7331) РУЗМАН 31 март 2023 сон

12+

## Культураялъул хIалтIухъанасул къо барки




***ХIурматиял ЧIарада районалъул культураялъул хIалтIухъаби ва ветеранал! Баркула нужеда профессионалияб байрам!***

Нужер кIвахI гьечIеб хIалтIуца, гьунаралъ ва бажариялъ районалъул гIадамазул ракIазулъ аваданлъи, чIаголъи ва гIумруялдехун рокьи бижизабулеб буго. Гьединго цIикIкIараб бутIа лъолеб буго халкъияб творчество цебетIезабиялъулъ ва цIуниялъулъ.

Районалда цониги кIвар бугеб байрам, фестиваль, политикиябгун общественнияб лъугьа-бахъин ва цогидабги культураялъул хIалтIухъабазул гIахьаллъи гьечIого унаро.

Баркала буго нужее хасаб гьунаралъухъ, бажариялъухъ ва квахI гьечIого гьабулеб хIалтIухъ. Гьарула щулияб сахлъи, лъугIи гьечIеб кьуват, талихI ва битIккей.

***ХIурматгун,***
***«ЧIарада район» МОялъул бетIер***
***М.А. МУХIАМАДОВ***

## Рагъда хъулухъ гьабулесухъ гьоболлъухъ

Районалъул администрациялъул бетIер МухIидин МухIамадов хIалтIухъабигун цадахъ щвана СВОялда гIахьаллъулев, къокъабго отпускаялъ районалде вачIарав ЧIарада районалъул Чанаб росулъа Салман ГIумаровасухъе гьоболлъухъ. Гьев ватана эбел-эменгун, гIагарлъигун рокъов хIухьбахъулев.

Прапорщик, медпункталъул нухмалъулев Салман ГIумаровас СВО байбихьараб тIоцебесеб къоялдаса нахъего хъулухъ гьабулеб буго Украиналъул ракьалда ва кинабго бажарараб гьабулеб буго улкаялда цебе жиндаго тIадаб рагъулаб налъи тIубазабиялъе.

МухIидин МухIамадовас баркала загьир гьабуна ГIумаровасе ракIбацIцIадго хъулухъ гьабуралъухъ ва районгун республика лъикIаб рахъалдаса бихьизабуралъухъ. Цинги баркана гIолохъанав рагъухъанасда



СВОялда хъулухъ гьабулаго лъукъарал хвасар гьариялъе ва цебесеб кьерда гьезие тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьабиялъухъ тIадегIанаб шапакъат – «Бихьинчилъиялъул орден» щвей.

Гьарана Салмание щулияб сахлъи, хъулухъалда жеги лъикIал хIасилал, сундулъго битIккей ва хехго рагъги лъугIун бергьенлъигун рокъове тIадвуссин.

## Медалалъе мустахIикълъарав



Россиялъул Федерациялъул президентасул указалда рекъон СагIидов Абакар ГIабдурахIмановичасе кьуна «За отвагу» абураб бахIарчилъиялъул медаль.

Абакар СагIидов гьавуна 1990 соналда Тарумовскияб районалъул Кочубей поселокалда. Гьев гIуна Гъизляр районалъул Южный поселокалда. 2008 соналде щвезегIан цIалана гьоркьохъеб школалда, хадуб цIали лъугIизабуна ЦIуриб СОШалда. 2018 соналда Абакарие щвана тIоцебесеб тIадегIанаб лъай. Гьес лъугIизабуна Пенза шагьаралда бугеб рагъулаб академиялъул филиал. Хъулухъ гьабуна лейтенантасул чин щвезегIан. 2019 абилеб соналдаса 2020 соналде щвезегIан 8 моцIалда гIахьаллъи гьабуна Сириялда букIараб хасаб рагъулаб операциялда. Гьениб бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва рагъулаб гьунаралъухъ Абакарие щвана рагъулал шапакъаталги.

2022 соналъул март моцIалда рагъулаб приказалда рекъон Абакар СагIидов хъулухъ гьабизе витIана Украинаялъул СВОялда. Гьелдаса хадуб гьес ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго ВатIаналда цебе жиндаго тIадаб налъи. Жиндирго взводгун гьев тIаде кIанцIана ДНРалъул Урожайное росу ВСУялъулаздаса эркен гьабизе. Гьениб гьабураб хIасил ккараб ва гьоркьоса чи камичIеб рагъуе гIоло Абакар СагIидовасе мех щвелалдего кьуна капитанасул чин.

Гьединго гIахьаллъи гьабуна ДНРалъул Новодонецкое росу эркен гьабиялъулъ. Гьениб бихьизабураб гьунаралъухъ гьесие щвана хIукуматалъул «За отвагу» абураб медаль. Гьеб гуребги гьесул буго РФялъул оборонаялъул министерствоялъ кьураб 12 медаль.

Абакар СагIидовасе гьарула кинабго рахъалъ битIккей, ракIалда ругел мурадал тIурай ва хехго рагъги лъугIун рокъове тIадвуссин.

## Муфтиясе орден кьуна



ДРялъул лъабабилеб даражаялъул ХIукуматалъул орден кьуна Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажиясе.

Дагъистаналъул рухIияв цевехъанасе орден кьуна республикаялъул бетIер Сергей Меликовас.

Тадбиралда кIалъалаго С. Меликовас абуна цохIо республикаялда гуребги тIолабго улкаялдаго муфтияс гьабулеб хIалтIул даража борцун хIалкIоларебгIан кIудияб бугин ва гьев мустахIикъавги вугин жеги тIадегIанал шапакъатазе, – ян.

## Жуковасул медаль кьуна




Россиялъул Федерациялъул Указалдалъун 2022 соналъул 25 ноябралда ВатIан цIунулаго бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва бахIарчилъиялъухъ Жуковасул медаль кьуна ГIириб росулъа ХIажиев МухIамад АхIмадовичасе.

2005 соналда ГIириб СОШ лъугIарав МухIамад ХIажиев ана Россиялъул ВСалда хъулухъ гьабизе. Гьениб ана 2 сон. 2010 соналда гьес хъвана тIоцебесеб контракт ва жиндирго гIумру бухьинабуна армиялда хъулухъ гьабиялда.

СВОялъул ракьалде 36 сонилаб гIумру бугев МухIамад ХIажиев ана рагъулал тунка-гIусиял байбихьараб тIоцебесеб къоялдаго.

31 марталда Запорожскияб областалда ккарал тунка-гIусиязда гьев чанго нухалда лъукъана, цояб ругьун букIана цIакъго захIматаб. Хадуб 2022 соналда МухIамад вихьизавун вукIана наградаялъе.

ГьабсагIат МухIамад сах гьавулев вуго А. А. Вишневскиясул цIаралда бугеб бетIераб рагъулаб клиникаялъул госпиталалда.

Гьарула нилъер рагъухъанасе щулияб сахлъи ва хадурккун сундулъго бергьенлъаби!

ЧIарадисел кидаго чIухIула ракIбацIцIадго хъулухъ тIубазабулел ракьцояздаса.

# Конкурс «ЛъагIалил тарбиячи – 2023»




ЧIарада районалъул лъайкьеялъулгун культурияб отделалъул планалда рекъон ЦIуриб лъималазул ахалда тIобитIана «ЛъагIалил тарбиячи – 2023» абураб конкурсалъул муниципалияб этап.

Гьеб этап байбихьизегIан цебе тIобитIун букIуна 10 тарбиячи гIахьаллъараб заочнияб тур. Дагьаб цебе гIуцIараб очнияб туралда гIахьаллъи гьабуна 4 тарбиячIужуялъ – Фатима ГIумаровалъ (ЦIуриб лъималазул ах), Жаврият ГIумаровалъ (Гьачада лъималазул ах), Саадат МухIамадовалъ (КЬорош ДОУ) ва Жамилат НустIапаевалъ (Гьилиб ДОУ).

Гьезие къимат кьолеб букIана лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул начальник Шамил МустIапаевасул председательлъиялда гьоркь тIаса бищараб жюриялъ.

Данделъаразе саламги кьун Ш. МустIапаевас конкурсалъул гIахьалчагIазе битIккейи гьарун тадбир байбихьараблъун лъазабуна.

ГIахьалчагIаз тIуразаризе кколаан чанго тIадкъаял, гьединаздаса букIана: «Моя педагогическая находка» абураб – гьенир гьез рихьизаризе кколаан жидерго хIалтIулъ ругел цIикIкIараб кIваралъул къагIидаби, школалъул гIумруялде рахьинчIел лъималазе лъай ва тарбия кьеялъул рахъалъ ругел церетIеял ва «Педагогическое мероприятие с детьми» – лъималазул проектал рахъиялъул, гIуцIиялъул ва гьел хIалтIизариялъул профессионалияб лъаялъул къагIидаби.

Гьединго жюриялъ конкурсалъул гIахьалчагIазе къимат кьолеб букIана хехаб информациялъухъ, гIуцIиялъухъ, методикияб бичIчIи буголъиялъухъ, культурияб гIуцIиялъухъ ва цогидалги къимат кьеялъул хIасилазухъ балагьун.



Профессионалияб конкурсалда бергьарайлъун рикIкIана ва тIоцебесеб бакI къуна ЦIуриб лъималазул ахалъул тарбиячIужу Фатима ГIумаровалъе. Гьачада ДОУялъул тарбиячIужу Жаврият ГIумаровалъе щвана кIиабилеб бакI. Лъабабилеб бакIалде ячIана КЬорош лъималазул ахалъул тарбиячIужу Саадат МухIамадовалъе. Гьилиб ДОУялъул тарбиячIужу Жамилат НустIапаевалъе къуна грамота.

Гьединго гьеб тадбиралда баркалаялъул кагъат къуна гIемерсоназулаб хIалтIул хIалбихьи бугей тарбиячIужу Разият Муртазаевналъе. Гьелъ тарбия кьолел лъималаз «Фантастические животные» абураб конкурсалда тIоцебесеб бакI ккун буго.

Культураялъул ва лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан Мансур НурмухIамадовас бицана хадурккун тарбиячагIаз кIвар буссинабизе ккарал цоцо суалазул. Хадуб гьес киналго тарбиячагIазе гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи ва битIккей.

Тадбир ана аваданго ва гIуцIараб къагIидаялда.

Конкурсазда гIахьаллъаразда цере музыкалияб номуралгун рахьана ЦIуриб лъималазул ахалъул чIахIияб группаялъул ясал. Гьез бихьизабуна лъикIаб къурди.




# Левашинский филиал ТФОМС РД информирует:

Здоровье – бесценное достояние каждого человека. Вовремя принятые профилактические меры позволяют не только его укрепить, но и вылечить выявленные заболевания с наибольшим успехом.

**ЧТО ТАКОЕ ДИСПАНСЕРИЗАЦИЯ?**

**Диспансеризация – это бесплатное обследование и проводится оно на добровольных основаниях:**

Диспансеризация относится к приоритетным медицинским мероприятиям профилактики заболеваний, проведение которых направлено на раннее выявление хронических неинфекционных заболеваний, таких как: болезни системы кровообращения, злокачественные новообразования, сахарный диабет, хронические болезни лёгких.

Кроме того, диспансеризация направлена на выявление и коррекцию основных факторов риска развития заболеваний, к которым относятся: повышенный уровень артериального давления, холестерина и глюкозы в крови, курение табака, пагубное потребление алкоголя, нерациональное питание, низкая физическая активность.

Не путайте диспансеризацию с походом к врачу с уже существующей проблемой.

Любые заболевания, обнаруженные в ранней стадии, гораздо легче лечить без последующих осложнений. Главная цель диспансеризации: как можно раньше обнаружить заболевание, выявить и скорректировать факторы риска его развития.

- 1 раз в три года – гражданам в возрасте от 18 до 39 лет;
- ежегодно – для граждан старше 40 лет.

Для прохождения диспансеризации нужно взять с собой паспорт, полис ОМС и обратиться в регистратуру поликлиники, к которой вы прикреплены.

Важно знать, что возможность прохождения профилактических мероприятий и диспансеризации предоставляется пациентам по месту их прикрепления.

Согласно статье 185.1 Трудового кодекса Российской Федерации работодатель обязан предоставить работнику оплачиваемые выходные дни для прохождения диспансеризации:

- 1 день раз в 3 года с сохранением места работы и среднего заработка;
- 2 дня ежегодно работающим пенсионерам и лицам предпенсионного возраста.

Также для доступности прохождения профосмотров и диспансеризации работающего населения в медицинских организациях организовано прохождение профосмотров и диспансеризации, в том числе в вечерние часы и субботу.

**КАК ПРОХОДИТ ДИСПАНСЕРИЗАЦИЯ И ПРОФОСМОТРЫ?**

- Диспансеризация может проводиться в один или два этапа, в зависимости от результатов обследований, полученных на I этапе.
- Двухэтапная диспансеризация позволяет вовремя диагностировать и выявить сложные хронические заболевания, которые приводят к полной потере трудоспособности и ранней смерти.
- Профилактический медицинский осмотр возможно пройти ежегодно. Проводится анкетирование, расчет индекса массы тела, измерение артериального давления, исследование уровня холестерина и глюкозы в крови, флюорография, ЭКГ и измерение внутриглазного давления.

**ВЫЯВЛЕНИЕ ОНКОЛОГИИ НА РАННЕЙ СТАДИИ**

Теперь даже на первом этапе диспансеризации будет проводиться скрининг, чтобы вовремя обнаружить онкологию. Для каждого возраста – отдельный

**Левашинский межрайонный филиал рекомендует гражданам своевременно проходить профилактические мероприятия для укрепления и продления вашего здоровья!**

**Возникли вопросы? Об-**




список обследований. Если при прохождении диспансеризации возникли какие-то вопросы или затруднения, то для своевременного их решения всегда можно обратиться в свою страховую компанию по телефону, указанному на полисе ОМС, в контакт-центр по телефону «горячей линии» или к страховому представителю, который находится непосредственно в медицинской организации.

**ращайтесь за разъяснениями в страховую медицинскую организацию, номер которой указан на обратной стороне страхового медицинского полиса, или на телефон Контакт-центра по номеру 8-800-222-29-05 (круглосуточно, бесплатно), а так же в Левашинский филиал ТФОМС РД по т. + 7-928-878-31-77 в т.ч.**

WhatsApp

# Нилъеца нилъерго лъимал цIунила

РФялъул Федералияб Собраниялде гъабураб хитIабалда улкаялъул президент Владимир



Путиница бицана нилъеца чара гьечIого цIунизе кколин инсаниялталда гIасрабаз рукIарал рухIиялгун хъизамалъулал тIалабалилан абун.

Жиндирго хитIабалда гьес кIвар буссинабуна бакътIерхьул улкабазда рухIиябгун тарбия кьеялъулаб рахъ тIубанго чучлъизе тун букIиналде ва абуна гьелъ лъикIалде рачине гьечIин абун.

«Халгьабе гьез жидерго халкъалда гьоркьоб биллъанхъизабулеб бугеб пикруялде. Биххизабулеб буго хъизамалъул кIвар, культура, миллияб бичIчIибуголъи. Лъимал инжит гьари, гьезда хIал гьаби гIадатияб жолъун къабул гьабулеб буго. Диналъул церехъабаз рахъкколеб буго бихьинчияс бихьинчиясулгун ва чIужугIаданалъ чIужугIаданалъулгун ригьнал гьариялъул. Дие бокьилаан гьезда абизе: ле, гьудулзаби, нужеда бихьулариц хириял тIахьазда щиб хъван ва тIолалго диназ щиб абулеб бугебали. Гьел тIахьазда гурищ хъван бугеб хъизан кколин бихьинчияс чIужугIаданги ячун гьабураб ригьинилан абун», – ян.

Улкаялъул нухмалъулес абуна диниял тIахьазда хъвараб хисизабизегицин гьел нахъе къалел гьечIин абун.

«ХIатта Аллагьасдацин лъолеб буго гIадамасул гIакълуялъ къабул гьабулареб цIар. Щибха гьеб тайпаялда абилеб? Я, БетIергьан, мун тIаса лъугьаха гьездаса, гьезда бичIчIулеб гьечIо жидецаго гьабулеб жо», – ян абуна Владимир Путиница.

Президентасул хитIабалда абухъе, нилъеца цIунизе ккола нилъерго динги, гIадаталги, гIамал-хасиятги. БитIараб тарбия кьун гIезабизе ккола тIаде гIолеб гIел. Нилъ рукIине бегьуларо иблисалда хадуб араб къавмалда релълъун.

***«Ас-салам» газеталдаса босараб***

# Не допустим загораний сухой травы

ОНД и ПР №16 по Гергебильскому, Гунибскому и Чародинскому районам доводит до вашего сведения, что в Республике Дагестан прогнозируется сухая и ясная погода, что делает возможным повышение класса пожароопасности. В связи с этим увеличивается вероятность возникновения природных пожаров.

Самые распространенные природные пожары – это травяные палы. В большинстве случаев причиной таких возгораний является человеческий фактор. Безответственное отношение поджигателей к имуществу и здоровью окружающих приводит к необратимым последствиям.

С приходом жаркой погоды количество выездов пожарных подразделений увеличивается в несколько раз. Основная причина такого роста – горение сухой травы и стерни. Их бесконтрольное сжигание представляет наибольшую опасность для сельского хозяйства и жителей села. На территории республики полным ходом идет уборочная кампания, и поэтому горение стерни угрожает еще не убранным посевам. А сгоревший на корню урожай – это колоссальная потеря.

Палы сухой травы и стерни становятся настоящим бедствием. Они быстро распространяются, особенно в ветреные дни. Горение стерни и сухой травы – процесс неуправляемый. Остановить хорошо разгоревшийся пожар бывает очень непросто. Нередко от травяных пожаров сгорают дома или даже целые поселения. Сжигание стерни и сухой травы оборачивается тем, что плодородный слой почвы будет восстанавливаться после такого пала минимум семь лет. Травяные палы вызывают очень сильное задымление. Шлейф дыма от разгоревшейся травы или соломы, может распространяться на многие километры. Во время горения стерни, мусора и других отходов, в атмосферу выделяется огромное количество опасных веществ, отравляющих окружающую среду. Часто травяные палы уничтожают молодые посадки леса среди сельскохозяйственных полей.

ОНД и ПР №16 ГУ МЧС России по РД напоминает об ответственности за несанкционированный пал травы. В связи с повышением пожароопасности, а также в целях защиты жизни, здоровья и имущества граждан и юридических лиц от пожаров «Об ответственности за административные правонарушения». Теперь бесконтрольное сжигание соломы и усохшей травяной растительности влечет за собой ответственность за нарушения пожарной безопасности закреплена в статье 20.4 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации и предусмотрена для граждан должностных и юридических лиц. Штрафы за нарушение правил пожарной безопасности на сегодня достаточно велики. Так, штраф для гражданина составляет от 5 тыс. до 15 тыс. руб., для должностного лица – от 20 тыс. до 30 тыс. руб. Если нарушение выявлено в условиях особого противопожарного режима сумма штрафа увеличивается и составляет соответственно от 10 тыс. до 20 тыс. руб. и от 30 тыс. до 60 тыс. руб.

Для юридических лиц установлены более существенные размеры штрафов: по общему правилу за нарушение требований пожарной безопасности организацию могут оштрафовать на сумму от 300 тыс. до 400 тыс. руб., а в условиях особого противопожарного режима сумма штрафа может составить от 400 тыс. до 800 тыс. руб.




Уважаемые жители, чтобы в ваш дом не пришла беда, соблюдайте элементарные правила пожарной безопасности в летний пожароопасный период:

- Не выжигайте траву и стерню на полях.
- Не сжигайте сухую траву вблизи кустов, деревьев, деревянных построек.
- Не производите бесконтрольное сжигание мусора и разведение костров.
- Не разрешайте детям баловаться со спичками, не позволяйте им сжигать траву.
- Во избежание перехода огня с одного строения на другое, очистите от мусора и сухой травы территорию хозяйственных дворов, гаражных кооперативов.
- Не бросайте горящие спички и окурки.
- Не оставляйте на освещенном солнцем месте бутылки или осколки стекла.
- Костры можно разводить на расстоянии не ближе 50 метров от построек, а в садоводческих товариществах для этого должны быть определены специальные места. И, конечно же, неотлучно надо следить за горящим костром, а после потушить его водой или песком.

Если вы обнаружили начинающийся пожар, например, небольшой травяной пал, постарайтесь затушить его самостоятельно. Иногда достаточно просто затоптать пламя (правда, надо подождать и убедиться, что трава действительно не тлеет, иначе огонь может появиться вновь).

Если пожар достаточно сильный, и вы не можете потушить его своими силами, постарайтесь как можно быстрее оповестить о нем тех, кто должен этим заниматься. Позвоните в пожарную охрану (телефон 101, с мобильного 112) и сообщите об обнаруженном очаге возгорания и как туда добраться.

**УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!**

**В случае беды немедленно сообщите в экстренные службы по телефонам:**

**«112» — Единая служба спасения.**

***Начальник ОНД и ПР № 16 УНД и ПР ГУ МЧС России по РД, майор внутренней службы Н.Г. ОМАРОВ***

**АДМИНИСТРАЦИЯ**

МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*от 28 марта 2023 г. № 24 с. Цуриб*

**Об утверждении Плана мероприятий по недопущению ящура на территории муниципального образования «Чародинский район»**

С учетом сложной эпизоотической обстановки по ящуру и в целях профилактики и недопущения ящур у животных, Администрация муниципального образования «Чародинский район» **постановляет:**

1. Утвердить прилагаемый План мероприятий по недопущению ящура на территории муниципального образования «Чародинский район» (далее-План).

2. Рекомендовать руководителю ГБУ «Чародинского районного ветеринарного управления», главам муниципальных образований сельских поселений, руководителям сельскохозяйственных предприятий:

- обеспечить выполнение Плана противоящурный мероприятий;
- создать условия для работы специалистам ГБУ «Чародинского районного ветеринарного управления»;
- организовать выполнение специальных мероприятий по профилактике ящура.

3. Рекомендовать начальнику ОМВД России по Чародинскому району в случае угрозы заноса и распространения ящура на территории муниципального образования «Чародинский район» установить охранно-карантинные посты в угрожаемых направлениях.

4. Настоящее постановление подлежит опубликованию в районной газете «ЧАРАДА», размещению на официальном сайте Администрации муниципального образования «Чародинский район» в информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

5. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя Главы Администрации муниципального образования «Чародинский район» Омарова М.З.

***Глава Администрации муниципального образования «Чародинскийрайон» М.А. МАГОМЕДОВ***

*Приложение*
*Утвержден*
*постановлением Администрации*
*муниципального образования «Чародинский район»*
*от 28.03.2023 г. № 24*

**ПЛАН**

**мероприятий по недопущению ящура в районе**

| № | Наименование мероприятий | Срок | Ответственные лица |
|---|---|---|---|
| 1 | Бирковать и стопроцентно прививать всех восприимчивых животных противоящурной вакциной | До 20.04.2023 г. | Ветуправление, руководители хозяйств и глав МО сельских поселений |
| 2 | Закрепить за каждым хозяйством ветспециалистов для проведения вакцинации и осуществления контроля за соблюдением ветеринарно-санитарных правил | До 30.03.2023 г. | Ветуправление |
| 3 | Обеспечить необходимый запас противоящурной вакцины, дезсредств и других необходимых препаратов | До 30.03.2023 г. | Ветуправление |
| 4 | Ввоз животных в район осуществлять только с разрешением ветслужбы, после чего вакцинировать и держать их в карантине в течение 30 дней | Постоянно | Руководители хозяйств и глав МО сельских поселений |
| 5 | При малейших подозрениях на любые заболевания срочно оповещать ветеринарную службу для проведения мероприятий мониторингу болезней и до прибытия ветспециалиста изолировать больных | Постоянно | Хозяева животных |
| 6 | Полностью прекратить хозяйственные и другие связи с приграничной республикой Азербайджан | Постоянно | Хозяева животных |
| 7 | Оповещать руководителей всех форм хозяйствования и население района об угрозе ящура и мерах по предупреждению возникновения заболевания | До 30.03.2023 г. | Ветуправление, отдел сельского хозяйства и экономики |

# Оц баялъул байрам тIобитIана

ГIемерал пайдаял лъикIал гIадатал нахъе тана умумуз нилъее. Гъединаздаса цояб буго оц баялъул байрам тIобитIиги. Гъеб къоялде цереккунго хIадурлъула росабазул жамагIатал. Гъенире росизе хIадур гъарула батIибатIиял кванил нигIматалги сайгъаталги. Гъеб лъикIаб иш букIана умумузул. Доб заманалда цо гьитIинабгIаги ракьул кесек толароан хьвачIого. Гьелдаса букIана аслияб бетIер бахъиги. Гьанже щибха бугеб, дагьал гурони гьечIо хурзал рекьулел росаби районалда.

Оц баялъул байрам тIобитIиялъул магIна букIана ихдалил хIалтIабазде рахъизе заман щун букIин жамагIаталда лъазаби, гьелде хIадурлъизе ккеялъул баян гьаби. Гьаб ахираб заманалда гьеб оц баялъул байрам кколеб буго гIадат хIисабалда, рекIелгъеялъего гIадин тIобитIулеб тадбирлъун.

Кин гьеб бугониги, дагьаб цебе Улъухъ росулъ рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана оц баялъул байрам. Гьенире рачIун рукIана мадугьалихъ росабалъаги гIадамал. Киналго цадахъ гIисинал-чIахIиял, херал-бахIарал цадахъго къокъана росдада тIадехун бугеб, кидаго оц балеб хурире.

ЛъикIаб дугIа-алхIамги гьабун хуриб тIоцебесеб рахъ бана МуртазагIали МуртазагIалиевас, хадуб рахъ базе вахъана гьеб байрамалде хIадурлъи гьабурав Шамил ГIалиев, цинги иргаялда рахъал рана росдал гIолохъабаз.

КIалъай гьабураз гьарана рии цIад-бакъалъул рахъалъ битIараб, хер гIемераб, дунялалдаго тIад рагъги лъугIун ракълиде буссараб сон батагиян.

Хадур рукIана спорталъул къецал: рекери, кIанцIи ва цогидалги. Бергьаразе кьуна горал ва цогидалги сайгъатал.

Байрам ана рохалилаб ахIвал-хIалалда.

*ХI. ГIУМАРОВ,*
*ЦIулда росу*



# Кого признают негодными к службе

**Осталось несколько дней: кто получит повестку от военкомата и кого точно не заберут - изучаем список**

С 1 апреля 2023 года в России начинается весенняя призывная кампания, она продлится до 15 июля. Этой весной на службу будут призывать молодых людей в возрасте от 18 до 27 лет. Все они в обязательном порядке пройдут медицинскую комиссию. Срочная служба продлится 12 месяцев, призванные весной и летом 2023 года вернутся домой весной и летом 2024 года.

Как передают «Известия», будут признаны негодными к строевой службе люди, у которых имеются заболевания и отводы по состоянию здоровья.

В частности, это порок сердца, ишемия, давление выше 150 на 90.

Близорукость более минус 6 диоптрий, катаракта или глаукома, а также отслоение сетчатки.

Хронический отит или полная глухота. Заболевания ЖКТ: грыжа, панкреатит, язва, геморрой.

Хронический энурез.

Сколиоз второй степени с деформацией более 11 градусов.

Плоскостопие третьей степени.

Ожирение выше второй степени.

ВИЧ или гепатит.

Туберкулез.

Онкология.

Психические заболевания.

Заикание, при котором в значительной степени искажается речь. Также отсрочку от призыва, согласно законодательству, получат:

Студенты ВУЗа и аспиранты очной формы.

Айтишники - сотрудники компаний, имеющих соответствующую аккредитацию, заявку нужно было подать осенью 2022 года на «Госуслугах».

Отцы двух и более несовершеннолетних детей, состоящие в браке. Воспитывающие ребенка с инвалидностью в возрасте до трех лет.

Отцы-одиночки.

Состоящие в официальном браке с женщиной, находящейся не менее чем на 26-й неделе беременности.

Ухаживающие за немощными родственниками.

Опекуны престарелых родителей.

Между тем, повышение призывного возраста до 21-30, о котором заявлялось ранее, произойдет не раньше осени. Кроме того, Минобороны планирует постепенно повысить численность Вооруженных сил на 500 тысяч - до полутора миллионов человек и половину из них будут составлять контрактники.

# Авар кицаби ва абиял

- РагIи рагIуде бачIуна, гIор кьодукье бачIуна.
- РагIи ургъун бице, кици бакI бихьун тIаме.
- РагIи хIалакъаб бице, гьан кьарияб кванай.
- РагIуда гугьар гьечIин, гьурал жалго те.
- РагIул гьоло гьабуге, гьалил мигъир гьабуге.
- РагIул гIомо гьабуге, гIабдалгун щагъадуге.
- РагIул гIомоялъул гIарщал гьаруге.
- РагIул квешлъи – халалъи, ххамил квешлъи – гьечIолъи.
- РагIул квешлъи – халалъи, харбил квешлъи – гIемерлъи.
- РагIул тIанчIи риччаге, тIулида ццин бихъуге.
- РагIуца рагIи бахъула, бакъуца чIетI бахъула.
- Радал вахъарасул кьегIер цIуяб.
- Радал къед биххун, къаденахъе хIур бахъун.
- Радал яхъаралъул балъ тIокIаб.
- Радалго гьабураб хIалтIи лъикIаб, гьитIинго ячарай чIужу лъикIай.
- Ражи – мискинчиясул данде жо.
- Ражидулъ анкьго дару бугеб.
- Ражихуялъул тIиналда гьабуниги, бертин бетичIого хутIулареб.
- Рак гьечIого, бокь бичуге, бекьичIого хур бичуге.
- Ракъи-хьул, свак-кIвахI.
- Ракьулъе рехханиги, месед холаро.
- Ракъдада ччугIа чIоларо, чвантиниб гIарац чIоларо.
- РакъичIого кванаге, къасд букIаго жибго те.
- Ракъун кванани, квен гьуинлъула, гьимун бицани рагIи гьуинлъула.
- Ракь бижилалде рак бижараб.
- Ракьул бетIергьан вуго бекьарав чи.
- Ракьул гIанкI ракьул гьойца гурони кколареб.
- РакI битIизегIан мацI битIуларо.
- РакI бухIун гIодани, беццаб бадисаги магIу бачIуна.
- РакI гурхIи гьечIеб хIал – хIанчIун кунеб гьан.
- РакI гурхIун аскIобе бачараб бурутI ццин бахъун бачахъиялде ккола.

# Налогоплательщикам

**Информационное сообщение о налоговых льготах при налогообложении имущества за налоговый период 2022 года по организациям и физическим лицам.**

**Для налогоплательщиков юридических лиц:**

Федеральным законом от 15.04.2019 № 63-ФЗ «О внесении изменений в часть вторую Налогового кодекса Российской Федерации и статью 9 Федерального закона «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации о налогах и сборах» введен заявительный порядок предоставления налоговых льгот для налогоплательщиков-организаций по транспортному и земельному налогам.

Заявление о предоставлении налоговой льготы (КНД 1150064) заполняется налогоплательщиком на основании документов, подтверждающих право на налоговую льготу за период ее действия, указываемой в заявлении, и представляется в любой налоговый орган. Если такие документы у налоговой инспекции отсутствуют, то по информации, указанной в заявлении, она запрашивает сведения, подтверждающие право на льготу, у лиц и органов, располагающих ими, затем информирует налогоплательщика о результатах.

Следует отметить, что предельный срок подачи такого заявления законодательством не определен, но поскольку с 2021 года ФНС России направляет налогоплательщикам-организациям сообщения об исчисленных суммах транспортного и земельного налогов (ст. 363 Налогового кодекса, форма утв. приказом ФНС России от 5 июля 2019 г. № ММВ-7-21/337@), Инспекция рекомендует направить заявления о налоговых льготах за 2022 год до 1 апреля 2023 года, ведь если на дату формирования сообщения у налогового органа нет информации о налоговой льготе, то в сообщение будут включены суммы налогов без учета льгот.

По результатам рассмотрения заявления о предоставлении налоговой льготы, налоговый орган направляет уведомление о предоставлении налоговой льготы либо сообщение об отказе от предоставления налоговой льготы.

**Как узнать, какие льготы положены при уплате налогов физических лиц:**

**Как использовать право на льготу?**

**Обратиться с заявлением о предоставлении льготы по имущественным налогам физических лиц:**




| | | |
|---|---|---|
| **В любой налоговый орган** | **МФЦ** | **Онлайн сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физического лица»** |

**Форма заявления о предоставлении налоговой льготы, порядок ее заполнения, формат представления такого заявления в электронной форме утвержден приказом ФНС России от 25 июля 2019 г. № ММВ-7-21/377@**

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** **«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:** **Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***